

Sekirite Vaksen COVID-19: Vaccinate WA

Kisa pou konnen

CovidVaccineWA.org



Vaksen yo san danje

Vaksen COVID-19 nou gen Ozetazini yo te pase nan etap kontwòl sekirite ki pi entansif nan tout itswa etazini¹. Tout vaksen yo swa apwouve oswa otorize pou itilize an ijans pa U.S. Food and Drug Administration (FDA, Ajans Ameriken pou Pwodwi Alimantè ak Medikaman)-sa vle di ke FDA pa jwenn okenn danje enpòtan.

Vaksen yo kontinye rete sou siveyans sekirite ak efikasite toutotan piblik lan ap itilize yo. Etazini gen plizyè sistèm an plas pou refere w si ta gen pwoblèm sekirite epi itilize yo rapidman lè sa rive.



Vaksen yo efikas

Ou kapab petèt te wè enfòmasyon ki ta fè kwè ke gen kèk vaksen ki pi bon ke lòt. Esè klinik yo te montre ke tou vaksen ki disponib yo trè efikas pou prevni COVID-19. Diferans ant vaksen yo difisil pou konpare paske yo te teste nan peryòd ak kote ki diferan. Gen kèk ki te menm teste kont souch COVID-19 diferan.

Depi ou fin vaksinen konplètman, li toujou posib pou trape COVID-19, men ou gen anpil chans pou pa malad grav oswa bezwen pou ale lopital. Etid yo te montre ke chak vaksen te gen omwen 85 pousan efikasite pou prevni fòm **grav** maladi COVID-19 la. Vaksen yo tou te fè prevansyon kay anpil moun pou yo pa gen **okenn** sentòm COVID-19.

- Johnson & Johnson (Janssen), 74 pousan
- Pfizer-BioNTech, 95 pousan
- Moderna, 94 pousan

Efè segondè yo nòmal

Ou paka pran COVID-19 atravè vaksen an. Sepandan, menm jan ak lòt vaksen yo ou kapab santi kèk efè segondè. Sa yo se siy ke vaksen an ap travay. Pou vaksen de (2) dòz yo, efè segondè apre dezyèm dòz lan kapab plis. Si posib, bay tèt ou yon ti tan pou repoze w epi retabli nan jou an oswa nan 2 jou apre ou fin pran dòz lan. Pou vaksen COVID-19 yo ki bezwen de (2) dòz, asire w ke w pran dezyèm dòz lan. Ou p ap pwoteje konplètman jiska de (2) semèn apre dezyèm dòz lan.

Nan bra ou kote w resevwa dòz la:

- Doulè
- Woujè
- Anfleman



Nan tout kò w:

- Fatig
- Maltèt
- Doulè nan misk
- Frison
- Fyè
- Kè plen



¹ Centers for Disease Control and Prevention, "Safety of COVID-19 Vaccines". 25 Mas, 2021, disponib anliy nan: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/safety-of-vaccines.html>.



Siy reyaksyon alèjik yo

Reyaksyon alèjik ak vaksen an ra anpil, men yo ka rive. Klinik lan pral obsève w pou omwen 15 minit apre vaksen w lan sizoka ou ta gen yon reyaksyon alèjik. Yo antrene pou yo reyaji epi konnen kijan pou yo ede w.

Si ou gen reyaksyon alèjik apre ou fin kite klinik lan, rele 911. Siy reyaksyon alèjik yo gen ladan yo: difikilte pou respire, vizaj ak gòj anfle, batman kè rapid, yon move sansayon gratèl sou tout kò w, vètij ak feblès.

Ede nou rete vijilan konsènan nenpòt pwoblèm sekirite



Anrejistre nan V-safe pou rapòte nenpòt efè segondè: vsafe.cdc.gov. Patisipasyon ou ede nou kenbe vaksen yo rete san danje pou tout tout moun.

Ou menm oswa founisè vaksen w lan ka rapòte efè segondè grav vaksen an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS). FDA, Centers for Disease Control and Prevention (CDC) ak Washington State Department of Health (DOH) itilize VAERS pou siveye tandans oswa nenpòt pwoblèm posib.

Ou ka soumèt yon rapò nan vaers.hhs.gov.

Moun plizyè ras ak etnik te patisipe nan esè yo

Syantifik yo te teste chak vaksen sou plizyè dizèn milye moun.



²Food and Drug Administration. "FDA Briefing Document: Pfizer-BioNTech COVID-19 Vaccine", Vaccines and Related Biological Products Advisory Committee Meeting. December 10, 2020, available online at: <https://www.fda.gov/media/144245/download>.

³Food and Drug Administration. "FDA Briefing Document: Janssen Ad26.COV2.S Vaccine for the Prevention of COVID-19", Vaccines and Related Biological Products Advisory Committee Meeting. February 26, 2021, available online at: <https://www.fda.gov/media/146217/download>.

⁴Food and Drug Administration. "FDA Briefing Document: Moderna COVID-19 Vaccine", Vaccines and Related Biological Products Advisory Committee Meeting. December 17, 2020, available online at: <https://www.fda.gov/media/144434/download>.



Vaksen an san danje epi li efikas pou timoun, moun ki ansent, ak sila ki gen pwoblèm medikal ki pa deklare yo. Tank gen plis moun k ap vaksinen, se tank n ap kontinye kolekte plis done sou sekirite ak efè segondè yo. Done yo montre vaksen kont COVID-19 yo san danje, epi efè segondè ki grav yo ra.

Pale ak yon founisè swen oswa yon travayè nan klinik si ou gen kesyon konsènan pran vaksen an



Alèji

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control, CDC) rekòmande vaksen an pou nenpòt moun ki pa alèji ak okenn konpozan ki nan vaksen an.
- Yo souvan panse ke reyaksyon alèjik vaksen COVID-19 yo toujou koze pa grès ki nan vaksen an, ke yo rele polyethylene glycol (PEG) ak polyabsorbate.
- Vaksen yo pa gen alèjèn abityèl tankou sa ki nan manje yo, kidonk pifò lòt alèji yo pa ta dwe yon pwoblèm pou pran vaksen COVID-19 lan. Pa egzanp, vaksen an pa gen ze, latèks ak prezèvatif.

Etik

Konpozant vaksen COVID-19 yo san danje epi enpòtan pou vaksen an fè travay li. Yon pati nan vaksen Johnson & Johnson lan fèt ak kopi selil ki devlope nan laboratwa ki a lorijin te soti nan avòtman volontè ki te fèt depi plis pase 35 lane. Anpil lòt vaksen, ki gen ladann varisèl, ribeyòl ak epatit A, fèt menm jan. Pa gen okenn nan vaksen yo ki gen selil moun (ki enkli selil fetal), viris COVID-19, latèks, prezèvatif, oswa okenn pwodwi orijin animal ki enkli pwodwi kochon oswa jelatin. Vaksen an pa devlope nan ze oswa genyen okenn pwodwi ze.

Kondisyon medikal

- Etid yo te demontre ke vaksen COVID-19 yo te efikas ak san danje menm jan kay moun ki gen lòt pwoblèm medikal yo. Ven (20) a 45 pousan nan patisipan nan chak esè vaksen yo te gen kondisyon tankou obezite, dyabèt, maladi kè, maladi fwa, ak VIH.
- Nou gen done limite sou sekirite vaksen an nan itilizasyon li sou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb oswa lòt kondisyon oto iminitè. CDC kontinye rekòmande vaksen an pou gwoup sa yo paske yo gen yon pi gwo risk pou malad grav si yo pran COVID-19 lan.
- Moun ki ansent, k ap bay tete, oswa k ap planifye pou vin ansent kapab chwazi pou pran vaksen an. Aktyèlman nou gen done limite sou sekirite yo, men done nou genyen yo pa endike okenn pwoblèm sekirite pou moun ansent. American College of Obstetricians and Gynecologists (ACOG) ak CDC rekòmande w pou pale ak founisè swen sante w konsènan si pran vaksen an ap bon pou ou.